ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЫДОКI

№183 (21.091) ● 2007 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Ставрополрэ Владикавказрэ я щIихьнагъ Феофанрэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *триХащ.*

Чыристанхэм я махуэшхуэ

Симеон Столпник и члисуэ Налшык дэтым Престольнэ махуэшхуэр щагъэлъапIэм республикэм щыпсэу православнэ дин лэжьакIуэхэр къызэхуэсат. Ставрополь щыIэ духовнэ семинариием и хорым тхьэлъIэу уэрэдхэр игъэзащIэрт. Ставрополрэ Владикавказрэ я щIихьнагъ Феофан иригъэкIуэкIащ чыристан махуэшхуэ тхьэлъIэуХэр.

КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсенрэ** Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрейрэ** фIэхъыс щарихьыл, къэрал Iуэхугъэ пщэрылъ куэд, зэрэIэмэ емыпытагъэ, православнэ члисэм кIуэну Iэмал къызэрагъэтам папщIэ Феофан абыхьэм зэрахуэзарэзыр жиIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгучхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур иджыблагъэ Iэтауэ зэрагъэлъэпIэнIам и гугъу щищIым, щихьнагъ Феофан къыхигъэщащ гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр зэпэщу, ныкъуасанигъэнэшу, IэкluэлъэкIуэу зэрыраГъэкIуэкIамкIэ гукъинэжь зэрыхъуар икIи КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэм и Унафэщымрэ фIыщIэ яхуищIащ абыхэм республикэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIагъэкI Iуэху щхьэпэхэм папщIэ.

- Абы къыдэкIуэу гуфIэгъуэм зыхуэзгъэхьэзырыным республикэр хэпщIыкIыу иригъэфIэкIуащ, - жиIащ Феофан. - Социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэщIэ куэд къызэIуахащ, махуэ къэс нэхъ дахэу кыдокIуэтей КЪБР-м и Президентым и мыпхъуIэ яухуэр православнэ члисэм и блын уардэхэр. Дэ ди кIаруэр ди зэкъуэтымгъэщI. Дин лэжьакIуэхэм я къалэнщ мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэпIэзэрытагъэр цIыхубэм я деж нахьэсыну, абыкIэ щапхъэ яхуэхъуну. Ди республикэ дахэм зэхуэда псэукIэ щаIэщ. адыгэхэми, балъкъэрхэми, нэгъуэщI лъэпкъхэми. Феплъ уафэм, къуршхэм, республикэм и зэIуэзэпщагъым, цIыхухэм я нэгум икIи фигу ивубыда: мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъумэнырщ къалэн нэхъ лъапIэ дыдэу Тхьэм и пащхьэ щыдиIэр. Адрейуэ, цIыхухэр зыгъэнэщхъеин, зыгъэгуэзэвэн псори Тхьэм и жагъуэщ. КЪБР-м и Президентри Правительствэм и УнафэщIри, мыдрейхэри, мамырыгъэмрэ хъерымрэ фи Iэпэгъуу гъащIэ кIыхь. Тхьэм фищ!

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гуапэу чыристанхэм я махуэ лъапIэмкIэ екъуэхьэщащ, республикэм и Правительствэм хэугъэзауэ жиIэхэм папщIэ щихьнагъ Феофан фIыщIэ хуищIащ.

- Зэрыт диным емылъытауэ, дэтхэнэ лъэпкъми щыщ цIыхур я лъьхэм мамыру щыпсэун хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди деж щыи кIыщыдгъэзнэкъым, тхуэзфIэкI псори тщIэнущ. Къэрал кIуплкIу зыIэщIэлъхэм я кIалэн нэхъещхьэр я цIыхухэр хъумэнырщи, дэркIэ абы нэхърэ нэхъапIэ щыIэкъым. Согугъэ дыдэхуэзкIуэ илъэсхэм Урысеймэ и экономикэм нэхъри зиуэзащIыну икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр дэрэ къыдэхъулIэну.

ИужькIэ щихьнагъ Феофан яIущIащ члисэ пащIантIэм кIыщIыхьэхэр журналистхэм. ИкIи абыхэм я упщIэхэм жуэап иритащ.

ХУЖЬ Наталье.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Унафэ куэд къащтэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Iуэхугъэпщэм нэблагъэм щыхэплъащ. Ар иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху органым и Унафэщ Бе челов Ильяс. Депутатхэм я гъусэу лэжьащ КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу республикэм и Парламентым щыIэ Къуэныркъуэ Залым.

БЕЧЕЛОВ Ильяс кIыхьильхьэри, зэIущIэм щыщIидзэм депутатхэр зэхэпльащ Парламентым и зи мыкъэу зэIущIэм кIыщIэтын Iуэхугъуэхэм. Ахэр пщым щIегъу. Абыхэм ящыщщ мыпхуэдэ законопроектхэр: «2008 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ», «2007 - 2010 гъэхэм КЪБР-м щыщ щIалэгъуалэ унагъуэхэр псэупIэкIэ кIыхьэгъэпэщын», «2007 - 2010 гъэхэм ипотекэ кредитым КЪБР-м зыщегъэужын» республикэ программэ я хэхаэм ятеухуауэ; 2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м ипэну социально экономикэ зыуэкIыныгъэм и проектым; зэрыпажьэ языныкъуэ законхэм я лъэныкъуэкIэ прокурорым и мыарэзыныгъэхэм; 2007 гъэм и бжьыхь зэ сессием зыхэплъну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я планым. Парламентым и зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.

Президиумым кIыщIыхьэлъхьа Iуэхугъуэхэм кIытрагъэзэжри депутатхэр хэпльащ законопроект зыбжанэм, республикэм и прокурорым и мыарэзыныгъэхэм.

«Суд участкэхэмрэ КЪБР-м и зэгурызыгъэIуэ ж суд кIуплкIуэхэмкIэ я Iуэхухэмрэ» КЪБР-м и законым, апхуэдэуи «Административнэ хабзэхэр кIыхьэпIуныным и Iуэхухэм» КЪБР-м и Кодексым зэхьуэкIыныгъэр зэрхъхьэным т еухуауэ законопроектхэр кIыхIыхьащ Законхэр кIыдэгъэкIынымкIэ, кIэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщI **Абаэз Руслан**. «2002 - 2010 гъэхэм КЪБР-м и псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэ щегъэкIуэкIын, егъэфIэкIуэн» республикэм и программэ эхэлъ и Iуэхухэм» КЪБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр кIыхIыхьащ Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и Iуэхугъуэхэм. Ахэр пщым щегъу. Абыхэм ящыщщ мыпхуэдэ законопроектхэр: «2008 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ», «2007 - 2010 гъэхэм КЪБР-м щыщ щIалэгъуалэ унагъуэхэр псэупIэкIэ кIыхьэгъэпэщын», «2007 - 2010 гъэхэм ипотекэ кредитым КЪБР-м зыщегъэужын» республикэ программэ я хэхаэм ятеухуауэ; 2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м иIэну социально экономикэ зыуэкIыныгъэм и проектым; зэрыпажьэ языныкъуэ законхэм я лъэныкъуэкIэ прокурорым и мыарэзыныгъэхэм; 2007 гъэм и бжьыхь зэ сессием зыхэплъну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я планым. Парламентым и зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.

Президиумым кIыщIыхьэлъхьа Iуэхугъуэхэм кIытрагъэзэжри депутатхэр хэпльащ законопроект зыбжанэм, республикэм и прокурорым и мыарэзыныгъэхэм.

«Суд участкэхэмрэ КЪБР-м и зэгурызыгъэIуэ ж суд кIуплкIуэхэмкIэ я Iуэхухэмрэ» КЪБР-м и законым, апхуэдэуи «Административнэ хабзэхэр кIыхIыхьэным теухуауэ» законым и проектыр кIыхIыхьащ. Законхэр кIыдэгъэкIынымкIэ, кIэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщI **Абаэз Руслан**. «2002 - 2010 гъэхэм КЪБР-м и псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэ щегъэкIуэкIын, егъэфIэкIуэн» республикэм и программэ эхэлъ и Iуэхухэм» КЪБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр кIыхIыхьащ Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим**, «КЪБР-м и административнэ-щIыналъэ ухуэкIэм и Iуэхукlэ» КЪБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр кIыхIыхьащ. Законхэр кIыдэгъэкIынымкIэ, кIэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщым и кIуэдзэ **Гилиев Борис**.

КЪБР-м и Конституцэм, «Репатриантхэм я Iуэхугъэ», «КЪБР-м и кIалащхьэм и статусым и Iуэхукlэ» КЪБР-м и законхэм ятеухуауэ КЪБР-м и прокурорым и мыарэзыныгъэхэр кIыхьальхьащ Абаэз Руслан рэ абы и кIуэдзэ Гилиев Борисрэ.

Хэпльэн икIи зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр кIыхьальхьэн щхьэ? а документ псори депутатхэм ягъэгъэхьынущ.

Абаэз Руслан, Гилиев Борис, Экономикэ политикэмкIэ Комитетым и унафэщым и кIуэдзэхэу **Атэлыкъ Анатолий, Гончаренкэ Михаил**, Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Къанщокий**, абы и кIуэдзэ **Колесников Александр**, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узынщагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI**Иванов Игорь**, абы и кIуэдзэ **Дадэ Суфэдин**, Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор**, абы и кIуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий**. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим**, абы и кIуэдзэ **Гуляевэ Валентинэ** сымэ Урысей Федерацэм и нэгъуэщI субъектхэм я парламентхэм я законодателнэ жэрдэмэ 80 кIыхьалхьэри, абыхэм депутатхэр зэхпльащ. Кьанэ щIагъуэ щымыIэу ахэр дабыгащ.

Я Iуэху епльыкIэхэмкIэ зэхъуэжа нэужь, унафэ кьащтащ мы гъэм и бжьыхьэ сессием Парламентыр зыхэплъэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я планым и проектым, Регламентымкlэ комитетым и унафэщI **Махуэ Владимир** кIыхIыхьам елэжьыкIыныгъэ икIи а Iуэхур Парламентым и зэIу - щIэм кIыщIыхьажьну.

Махуэ Владимир жиIахэм едаIуэщI икIи кIыхьалхьа материалхэм щыгъуазэ защIри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Урысейм Шынагъэншагъэмкlэ и Федеральнэ Iэнатlэм и управленэу КЪБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм КЪБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратыну: къудамэм и унафэщI Вишневый Сергей, къудамэм и унафэщI Егоровэ Ольгэ, къудамэм и унафэщI Хьэсанэ Аотъэн, къудамэм и унафэщI Шэрхъ Аркадий, къудамэм и унафэщым и кIуэдзэ Мамбэт Владимир, референт Иттиевэ Тамарэ сымэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Зэман гъунэгъум

УФ-м и Президент Путин Владимир и мурадц хэхьыныгъэхэм и пэ кIыхьэу Кърал Думэм и фракцэ псоми я унафэщIхэм яхуэзэну.

Абы щытепсэлъыхьыхьыну щIыхьэнэщхуэ зиIэ а Iуэхум жуэаплныгъэ хэлъу зыхуэгъэхьэзырыным, Iуэхуэфем хуэдэу хуиту Iэ яIэтын папщIэ хэхакIуэхэм Iэмалыфlхэр къахуэзгъэпэщыным ехьэлIа къалэнхэм.

Дыгъуасэ

«Зыуэ щыт Урысеймрэ» КПРФ-мрэ щыщхэм я зэIущIэмкIэ къыщIэдзащ политикэ партхэм я Iуэху епльыкIэхэр къэзгъэтэнщ.

Дыгъуасэрэфем наIуэ кIыщIащ властым и партКIэ зэджэмрэ коммунистхэмрэ я программэхэр куэдкIэ зэрызэщхьэщыкIыр. Льэныкъуэхэм жзуап кIыхьуагъэуэтын хуейт «ЩIыпмрэ къралымрэ» жыхуиIэ темэм щыубзыхуа упщIэхэм.

ЕтIуанэ зэIущIэр пщэдей кIыхьалхьэнущ. Абы щызэпкърахьнущ къэралым и социально-экономикэ зыужьныгъэм теухуа Iуэхугъуэхэр.

Дыгъуасэ Мэзкуу щекIуэкIащ ЛДПР-м и XIX съездыр. Абы партспискэхэр щызэхагъэууващ, хэхьныгъэхэм и пэ кIыхьэу я программэм щытепсэлъыхьащ.

НэгъэущIу хъунукъым

«Ираным и ядернэ программэм пыщIа сыт хуэдэ Iуэхугъуэри мамыр зэпсэлъыныгъэхэмкIэ зэфIэхыпхьащ. Абы нэгъуэщI щыкIэкIэ убгъэдыхъэ хъунукъым».

МАГАТЭ-м и унафэщI аль Барадей апхуэдэу щыжиIащ атом энергетикэмкIэ Дунейпсо агентствэм и Генеральнэ конференцу Венэ къыщызэIуахам.

(ИТАР-ТАСС).

♦ Чили республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къралыр Щкъохуэу щыхьэ маухуэщ (1810).
♦ Илъэси 5 и пэкIэ (2002) Нью-Йорк Iэ щытрадзащ Урысей Федерацэмрэ Никарагуэ Республикэмрэ зэдэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэм. Абы 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м къару игъуэтащ.
♦ Нью-Йорк къыщызэIуахынущ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и 62-нэ сессиер.
♦ «Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ зедгъэужькIэрэ, къэралыр къэдгъэщIэрэщIэжынщ» кIыхуедэжьныгъэм щIэту фокIадэм и 18 - 19-хэм Хабаровск щекIуэкIынущ 2-нэ КъуэкIыпIэ Жыжьэ дунейпсо экономикэ форум. Абы хьхьэу фокIадэм и 19 - 22-хэм сатумрыпшленнэ жармыкIэ щыIэнущ.
♦ ФокIадэм и 18 - 21-хэм Кемеровэ къыщыхалъхьэнущ Кузбассым и дунейпсо фIамыщI зIуущIэрэ «Экспо-ФIамыщI-2007» зыфIаща гъэльэгъуэныгъэрэ.
♦ Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1932) къалъэуащ урыс щIэныгъэлI-химик, РАН-м и член - корреспондент Бурханов Г.С.
♦ Илъэс 70 и пэкIэ (1937) къалъэуащ театрымрэ киномрэ я актрисэ, егъэджакIуэ, РСФСР-м и щIыхьэ артистэ, МХАТ-м и школ-студием и профессор Покровскэ А.Б.
♦ Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1912 - 1975) къалъэуащ совет сурэтыщI, зэдзэкIакIуэ Цветаевэ М.И. ипхъу Эфрон А.С.
♦ Илъэс 40 и пэкIэ (1914 - 1967) дунейм ехыжащ совет композитор, РСФСР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Островскэ А.М.
♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъ 50-м, кхъухьжыщ сыхьэт 19-рэ дакъикъ 12-м.**
♦ **Махуэм и кIыхьагщ сыхьэт 12-рэ дакъикъ 22-рэ.**

Нэбгырэ зыгъэхьэзырыр **ХЬэжьыкъарэ Аликъ.**

Къэбар гъэщIэгъуэн

Зэгъэгъэтэгъуэ ди Iэпэгъуэм и пIэлъыщ.

● Фэ щIымахуэм фыхуэхьэзыр?

Зэрауэбзыхуам теIу

Гъэмахуэр и кIэм нэбдзэгъа къудейуэ арами. Май районым хуабэр къызэрыгъэпщэ и Iуэху щIапIэ хэм 2007 - 2008 гъэм и бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм суижьэрэкIыу зыхуагъэхьэзыр.

«МАЙСКТЕПЛОЭНЕРГО» акционер зэгуэхьэныгъэм хьыхь Iуэхущ1апIэкIэр гъэпIлыгъэу лъэ хьхэзыр процент 70 - 75-кIэ хуэ хьэзырщ. Кущ щIакъым къалэм и 2-нэ хьэблэм и котельнэр зэрызэрагъэпэщыжрэ. И щхьэр капитальнэ ремонт ящIащ, пэшхьэкуи 5-м я щыгъыкIэр къапщтащ. Насос хэри адрей Iэмэпсымэжэри зэрагъэпэщыжащ. А лэжьыгъэ хэм трагъэкIуэдащ сом мин 700.

Лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ котельнэ нэхъыщхьэми: унэр зэрагъэпэщыжащ, пэшыщIэ яхигуащIыхьри, псы хьуманIэр насосхэмрэ щIапIэщIауэ.

КIэщIу жыпIэмэ, гъэпIлыгъуэ зэманым районым зыхуегъэхьэзыр абы папщIэ зэхагъэувэ планым тету.

ЧЫНТ Чым.

"Кубань-2007" зэхуэсым къыщыхалъхьэнухэр

«Кубань-2007» фIэщыгъэщIэр пIэу Сочи кьалэм фокIадэм и 20 - 24-хэм щекIуэкIыну международнэ экономикэ зэхуэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхилъхьэнуи инвестицэ проекту пщIы. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр гъэзэщIэным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм Iэ традзэну гугъапIэ щыIэщ.

ИНВЕСТОРУ къэувынкIэ хъунухэм гу зыльэта икIи зэгурыIуэныгъэ белджылы зэрыщIыкIэ проектхэр псоми щыгъуазэ защIыкIыж хуэдэу зэIущIэм утыку къыщрахьэнущ абы хэтхэм Iуэхур зэрежьар яIьагъуэ икIи инвестицэхэр щыхэлъхьэн щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэфIхэр щыIэ зэрыкъуар фIэщ ящыхьэн щхьэкIэ.

Проектхэм я Iыхьэ ныкъуэр туризмэм, бгы-лыжэ спортым ехьэлIащ: Iуащхьэмахуэ зэрыдэкI кIапсэ (гондольнэ) гъуэгум и етIуанэ, кIапсэ (кресельнэ) гъуэгум и ещанэ чэзуэр, Чегет дэкI кIапсэ гъуэгур, «Джилы-Су» турис т-узынщагъэм пыщIа комплексыр, «Чипер-Азау» бгы-лыжэ комплексыр ухуэным, «Прямоугольник 11-р» зэфIэгъэувэжьным.

КIапсэ гъуэгум и етIуанэ чэзуэр ухуэным Iэмал кьытынущ «Мир» станцым зы сыхьэтым кьриубыдэу щыхуэ 2400-м нэс дэхьеинымкIэ. Мылылъэ кьуршыщхьэм щыIэ «Гарабаши» станцым нэсыху зы сыхьэтым щыхуэ 1500-рэ дэхьеинымкIэ Iэмал кьытынущ кIапсэ гъуэгум и ещанэ чэзуэр ухуэн зэрэIэкIмэ. А станцыр зыхуэзэ щыпIэм илъэс хьурейм лыжэкIэ къыщыбжьыхь хьунущ. А ухуэныгъэхэм текIуэдэнущ сом мелуан 750-рэ, текIуэдар кьытынынущ мазэ 70-м и кIуэщIкIэ. Чегет и гугъу пщIымэ, арэн бгы-лыжэ спортым дихьэхьэм, снообордистхэм кIуэнIэ я щIащ икIи куэд щIауэ и зэман хьуащ бгыщхьэм зэрыдэкIын Iэмал тэмэм абыхэм кьыхуэзэрагъэпэщыну. А щIыпIэм зи етIуанэ чэзуэ кIапсэ гъуэгуитIыр щыуэхуэным сом мелуан 430-рэ ихьынущ, текIуэдари мазэ 44-м кьытынынущ.

Iуащхьэмахуэ бгым и индхьэрэ-къуэкIыпIэ джабэр кьэгъэIуэрыщIэным и проектым кьыщыгъэльэгъуащ абы зих уэдэ щымыIэ туристузынщагъэ комплекс «Джилы-Су» щауэхэну. Псалъэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, а ухуэныгъэм и инвестору щытынури белджылы хьуащ - зэр «Интеррос» компаниерщ. Холдингым и президент Потанин Владимиррэ Кьанокъуэ Арсенрэ ухуэныгъэ щыIэ меморандуумыр Iэ традзащ. Комплексыр ухуэныр зэфIэгъэжьыным

● ЗэIуущIэхэр

IуэхущIэхэм трагъэгушхуэ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Правительствэм и Унэм фокIадэм и 12-м щыIэзэхэтащ республикэм и Президентым деж Хъярычэтыщ IуэхущкIэ щыIэ советым и зэIущIэ.

АБы щIэзэхалъхьэжащ «2007 гъэм и бизнес-гъэпсыкIэ нэхъыфI» жыхуиIэ республикэ щIалэгъуалэ зэпеуэм кърикIуахэр.ЗэIущIэм къыщыIэзIуихьм Президент **Къанокъуэ Арсен** къигъалъэгъащ хъярычэт Iуэху мыиным Къэбардей-Балъкъарым зыщыгъэуэжыным мыхьанэшхуэ зэриIэр, абы дяпэкIэ гулъытэ хэха зэрыхуящIыр.

«ЩIэдзапIэ хъарыпнэхэр диIэу жыпIэ хъычуущ. Мы Iуэхум си хъарум щепIыжыну хуейхэр, дауи, щыгъуазэщ «2006 гъэм и хъярычэтыщIэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм кърикIуахэм. Абы щытекIуахэр иджыблагъэ дгъэбелджыпащ, лаугъеат хъуахэм я гъхыпхъэ еттыжащ. ХъярычэтыщIэ мыинымрэ ику итымрэ ди деж лъэ быдакIэ щыуныи щхьакIэ къытпэщытыр мащIэкъым. Дэ хэкъуэдаущ делэжьыпхъэщ 2008 - 2012 гъэхэм къриуфыдыдэу республикэм и экономикэм папщIэ IэпщIатъэлI Iэзэхэр гъэхъэзырыным тещIыхьаущ зэхэтлъхьа программэмэ», - жиIащ Президентым.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, мы илъэсыр ирухыу нэхъыфIу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм ящыщу цIыху 50-м нэблагъэ къыхахыпхъэ нэгъуэщI къэралхэм щрагъэджэнущ, я Iэщlагъэм щыхагъэхъуэнущ, хъярычэтыщIэ Iуэхухэм я къызэрэпэщыкIэмрэ рынокым и хабзэхэмрэ кууу хагъэгъуэзэнущ.

«ИкъукIэ гуапэщ ди щIалэгъуалэр лэжьакIэщIэм зэрыгъегушхуэр, езыхэм я уныпIэ гъащIэм щаубыдыну, я къарур ягъэунэхуну зэрыхущIэкъур. Апхуэдизхэм сыткIи заущIадгъэкъуэнущ», - къигъалъэгъащ республикэм и лIыщхьэм.

КъБР-м экономикэ зыужьынымкIэ сатумкIэ и министр, зэпеуэр езыгъэкIуэкI комиссэм и унафащI **Мусуков Алий** зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщыкIэмрэ абы кърикIуахэр къызэрапщытэж Iомалхэмрэ я гугъу щIыпащ, зэIущIэм ирагъэблагъэ щIалэгъуалэм ягу къигъэкIыжащ «Бизнес-гъэпсыкIэ нэхъыфI» республикэ конкурсым и мурадхэмрэ я къалэнхэмрэ.

- Нобэ дэ зэхьадолъхьэж «2007 гъэм и бизнес-гъэпсыкIэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм кърикIуахэр. Я пэ щIыкIэ ящыщ мы конкурсыр нэгъабэ едгъэкIуэкIащ. Абы щыгъуэ проектищым сом мин 500 яхуэхъуар, а ахъшэр тэмэму къагъэсэбэпащ, иужькIи зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм а проектхэр зейхэм я цIэр фыкIэ къыщыраIащ, - жиIащ министрым.

ЗэIущIэм щыхэплъащ нэхъыфIу къалъута щIалэгъуалэ проекту 16-м. АпхуэдизкIэ инвестицIу сом мин 550-м тещIыхьа Щад Асльэн «Си щIалэтIэ» зыфIища унэ гъэпсыкIэ щыIэ советым и зэIущIэ.

Иджыри зы бгы-лыжь комплекс - ар «Чипер-Азау» жыхуиIэрщ. Проектым хохьэ: а щIыпIэм екIуалIэу автомобиль гъэ эу, «Старый Кр уг ъэор – Чипер-Азау» маятник кIапсэ гъуэ эу, сыхьэтым цIыху 2000 игъэIэпхъэу, тетIысхьапIэ зиIэ кIапсэ гъуэгуу щы, зы сыхьэтым и кIуэцIкIэ цIыху 6000 ягъэIэпхъэу, бгы-лыжь гъуэгуу щы, шхапIэу плы, бгылыжьэ IэмэпсымэкIэр хьэхуу щат пункт; нэгъуэщI объектхэрэ ухуэнкIэ. А псомкIэмал къатынущ зи нэгу зезыгъэужьыну, спорт зэхьэзэхуэм хэтыну кIуршым кIакIуэ цIыху мини 6-м нэсым зэуэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ. А щIыпIэм иджы туристу кьаклуэм тещIыхьауэ ирагъэхIуэ кIа зэпэльытэныгъэхэм къаглъэгъуащ япэ илъэсым «Чипер-Азау» и лъэщагъ псори процент 80-кIэ къызэригъэсэбэпыныр. Уху эныгъэм сом зы мелардрэ мелуан 311-рэ ихьыныщ, ар маз9 46-м кьытыныщ.

Метр 4050 лъагагъым щIэ «Приют-11» альпинист комплексыр зы зэман мафIэсым хихьауэ щытащ. Проектым ипкъ иткIэ, ар зэффагъэувэжыну къудейкъым, атIэ икIи нэхъ ин ящынущ. Зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэм сом мелуан 85-рэ текIуэдэнущи, ар маз9 47-м кьытыныщ. Инвестору къызэрыкIуэ «Лым елэжь Останкинэ комбинат».

«Кубань-2007» Сочи зэIущIэм республикэм апхуэдэуи кьыщыхилъхьэнущ транспортым и лъэныкъэкIэ проектитI: Налышк международнэ аэропортым и щыгъуэныбжьмкIэ, Солдатск э - Тырныауэ гъ щIэ гъэзэгу ухуэныжкIэ.

Налышк аэропорт иIэщ, ауэ абы дяпэкIэ зыужьыныгъэ игъ уэгъныкъым, кьалэм и гъунапкъэхэм кьыхэрыгуфыдзэм икIи кхъухьлъатэ инхэр кьыщыгъыIыс зэрымыхьум кьыхэкIыу. Проектым ипкъ иткIэ, щIэуэ яхуэхуну аэропортым кьыззэригъэпэщынуц ди кьалащхьэр Къ хэкIыпIэ Гъунэгъум, Къуэлэпэ Европэм ящыкIэрахъэм, Ярысейм и кьалэлэшхуэхэм япщIащ зыщытыныр. Аэропортыщ Iэм псори зэхэту гектар 254,39-рэ ирубыдынущ. Абы зы сихьэтым кьрирубыдэу цIыху 500 зэрыс кхъухьлъатэхэр тельэтыкIыфынущ, кьыщытIысыфынущ, тельэтыкIыпIэ Iуэгуэр метр 500-кIэ нэхъ кIыхь хъунущ. Уху эныгъэм текIуэдэнущ сом меларди 4-рэ мелуан 200-рэ, а ахъшэр кьалэрыхьэжьын хуейщ ильэс пощIым.

Солдатскэ - Тырныауэ гъущI гъуэгур ухуэнымэ сом меларди 7-рэ мелуан 300-рэ мынэхъ мащIэ текIуэдэнущ. Проектыр хагъэхьащ Урысей Федерацэм и гъущI гъуэгу транспортым зэрызиужьыну стратегием. А гъущI гъуэгу кьудамэр щIэгъэкъуэн хъун хуейщ рудауэ щымыIэ хьугъуэ-фIыгъуэхэр зыщIэлъ щIыпIэхэр къэзгъэIуриущIэныным. А проектхэрэ кьыщыхалъхьэнущ экономикэм зегъэужьыным пыщIа IуэхугъуэхэмкIэ Сочи щекIуэкIыну зэIущIэм. Къэбгъэльагъуэмэ, а проектхэр теухуащи ди льэдыу щымытми гранит; мывэ кьутакъуэхэр кьыщIигъэкIыну Iырыпаауэ щащухуэну заводхэр (дэтхэнэми инвестицIу сом мелуани 300 хуэзэу), кварц, пшахъэ ихьзэрадзэ. Прохладнэм щащухуэну заводыр (сом мелардитф 150-рэ текIуадэу).

Иджыри промышленностым и зы объект Бахъсэн районым щащухуэнущ - адгемент заводырц. Абыкъэ инвестору кьэувыну и мурадц «Урал горно-металлургическэ компаниер». Абы и генеральнэ директор Козицин Андрей илъэс кIуам и жэпуэгъуэ мазэм IущIащ щытащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. А заводыр уху эным сом мелардитф 5,5-рэ текIуэдэну кьалытэ. И льэщагъэм хуей псомкIи лажьэу щIидзэмэ, ильэсым цемент тонн зы мелуанрэ ящыкIэ. Абы щIигъэкIыфынущ, цыху 500-м лэжьапIэ IэнатIэ ягъэтынущ.

Рынокым и щытыкIэм укIуэцIрыплъмэ, вольфрамымрэ молибденымрэ я щIэуэцIмэ хэхъуэу щIидзэжащ, апхуэдизущыщтхэ, Тырныауэ горно-обогатительнэ комбинатым щхьэкIэ инвесторхэр кьалытыхъуэну и зэман хъуауэ ящыщкIыжащ. «Кубань-2007» зэIущIэм Къэбардей-Балъкъарым кьыщыхилъхьэну зыхуэмурад пщIэрэ ипкъ иткIэ комбинатым и лэжьыгъэ лъэщагъыр зэрыIэгъэувэжын хуейщ ар реконструкцэ щыкIэрэ, техникэ и лъэныкъэкIэ щIэрыщIэу зэщIэзадэкIэрэ. А IуэхуэмтекIуэдэнущ сом зы мелардрэ мелуан 854-рэ текIуэдар мазэ 44-м кьрирубыдэу кьытыжьын хуейуэ.

Гидроэнергетикэм и лъэныкъэкIэ Къэбардей-Балъкъарым зы проект кьыхилъхьэнущ. А проектым кьыззэрыгъэжьмкIэ Сочи щекIуэкIыну зэIущIэм. Къэбгъэльагъуэмэ, а проектхэр теухуащи ди льэдыу щымытми гранит; мывэ кьутакъуэхэр кьыщIигъэкIыну Iырыпаауэ щащухуэну заводхэр (дэтхэнэми инвестицIу сом мелуани 300 хуэзэу), кварц, пшахъэ ихьзэрадзэ. Прохладнэм щащухуэну заводыр (сом мелардитф 150-рэ текIуадэу).

Иджыри промышленностым и зы объект Бахъсэн районым щащухуэнущ - адгемент заводырц. Абыкъэ инвестору кьэувыну и мурадц «Урал горно-металлургическэ компаниер». Абы и генеральнэ директор Козицин Андрей илъэс кIуам и жэпуэгъуэ мазэм IущIащ щытащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. А заводыр уху эным сом мелардитф 5,5-рэ текIуэдэну кьалытэ. И льэщагъэм хуей псомкIи лажьэу щIидзэмэ, ильэсым цемент тонн зы мелуанрэ ящыкIэ. Абы щIигъэкIыфынущ, цыху 500-м лэжьапIэ IэнатIэ ягъэтынущ.

Рынокым и щытыкIэм укIуэцIрыплъмэ, вольфрамымрэ молибденымрэ я щIэуэцIмэ хэхъуэу щIидзэжащ, апхуэдизущыщтхэ, Тырныауэ горно-обогатительнэ комбинатым щхьэкIэ инвесторхэр кьалытыхъуэну и зэман хъуауэ ящыщкIыжащ. «Кубань-2007» зэIущIэм Къэбардей-Балъкъарым кьыщыхилъхьэнущ зыхуэмурад пщIэрэ ипкъ иткIэ комбинатым и лэжьыгъэ лъэщагъыр зэрыIэгъэувэжын

Iуэрыlуатэ - уыщэ пхъуантэ

Щауэ къуапцIэ

УЭЭЫРМЭДЖ жьы хъури и унэ итIысхьэжащ, нартхэр шэсмэ, ядэшэсыжьыркъым, зекIуэ ежьэмэ, ядежьэжьыркъым. Си ныбжь нэсар ящыкIи я хабзэти:

- И ныбжь нэсащ, Уэзырмэдж дукIыжьищ, - жаIащ нартхэм. Хасэм унафэ ящIри, Уэзырмэдж лIыкIуэ къыхуагъэкIуащ:

- Уи ныбжь нэсащ, у дукIыжьищи, хасэм къытхыхьэ, - жари.

Уэзырмэдж зэхэуащ. Абы гу лIытэри, Сэтэней къеупщащ:

- Щхьэ уэнэщхьей? - жери.

- Сынэщхьеинкъэ, - жиIащ Уэзырмэдж. - Си ныбжь нэсащи, нартхэ къызэгъэжащ.

- КъущагъэджакIэ, укIуэнщ, - жиIащ Сэтэней.

- Сыкlуэмэ, саукIынущ, аращ ди хабзэр.

- УаукIынкъым, - жиIащ Сэтэней. – Хасэм уахъихьэмэ, бжьэ къуатынущ. Бжьэ къуатмэ, уемыфэ. Ухъуахъу эуэрэ, кIыхьлIыхь зыщI. Сэ щауэ къуапцIэ нэзгъэкIуэнущи, ар нэсхьку, бжьэм уахуемыфэ. Щауэ къуапцIэр ныфхъхьэмэ, хъуэхубжьэр абы кьет.

АбыкIэ зэгурыIуэри, Уэзырмэдж хасэм кIуащ. ШьаптIэм дашэри, ягъэтIысащ Уэзырмэдж, бжьэ кьыIэщIагъэуващ. Хъуэхубжьэм блащхъуэжьеиг хагъэтIысхьащ.

ЯрIэхъуахъ уэуэрэ, Уэзырмэдж и псалъэр кIыхь яфIищащ.

- Укьефэркъэ, ди тхъэмадэжь! - кьыжраIэ щхьэкIэ, Уэзырмэдж, Сэтэней кьыжриIар ещIэжри, хъуэхъур кIыхьлIыхь яфIещI.

Абы хэтурэ, зы щауэ къуапцIэ яхьыхьащ хасэм.

- Нартхэ я хъуэхъубжьэр уэ пхъэгоГъэфащэ, щауэфI, - жери Уэзырмэ дж хъуэхубжьэр щауэ къуапцIэм хуишиящ.

- Ар хъункъым, хъуэхъубжьэр уэращ зыхъуэфащэр, - жаIащ нартхэм.

- Хъуэхъубжьэр сэ схуэфащэкъэ, нартхэ? - жери щауэ къуапцIэм бжьэр Уэзырмэдж кьыIихащ, и пащIэкIэмкIэ блащхъуэжьейр ирилулри, бжьэр ирифащ.

Бжьэр ирифри, Уэзырмэдж къигъэтэджыжащ щауэ къуапцIэм:

- Унэ уиIэмэ, екIуэлэж, и чэзу хъущ, - жери.

Езыр хасэм кьыхэнэри, ядэщысащ, ядефащ, ящешащ, «шурыльэс» щыжаIэм, ядэжьэгуащ, и льэгум щIигъэпIри къэшъэсыжащ...

Уэзырмэдж унэм щихьэжьым, Сэтэней кьеупщащ:

- Сыт щыпIэзгъуа хасэм? - жери.

- Зы щауэ къуапцIэ ныгтхьхъэри дыиэIищащ, - жиIащ Уэзырмэдж. - Хъуэхъубжьэр ирифри, хасэм сакьыхьу уажащ.

- Щауэ къуапцIэр щынэхъыщIэкIэ кьэпщтэн хьэмэ апхуэдэкъуэ сиIащэрэт жыпIэ? - кьеупщащ Сэтэней.

- Си щынэхъыщIэмэ, сыхуэгуб жьынт, - жиIащ Уэзырмэдж. - Си кьуэмэ, Нартхэ сахуэгъэат.

- АтIэ и хьер улъагъу, - гуфIащ Сэтэней гуащэ. - Щауэ къуапцIэр уи кьущ. Сосрыкьуэ зыфIэсщаращ хасэм ныфхьыхьар.

"Хьэщlагъэ"

БАЖЭР гъуащхьэм щыуфэразэурэ, кьурр блэкIрэ пэт кьрихьэлIащ.

- Еблагъэ, кьру щыкIу! ХьэщIэ усщIынщ, узгъэтхъэнщ.

- СопIащIэ, - жиIащ кьрум. - Iуэзу сытетщ.

- Си ерыскъы зыIуГахуэ. Си жагъуэ хъунщ, унемыблагъэмэ. Си Iэнэр хьэзырщ, си шыпсыр ипызыжьбзэщ, - жиIащ бажэм.

Кьрур еблэгъащ. Бажэм Iэнэ кьиГъэуври, шыпс тепщэч кьытригъэуващ.

- ЗумыгъэхьэщIэ, кьру щыкIу. Уэ пщыгъэпщкIуи сиIэжьым сэ. УхьэщIэ лъапIэ дыдэщ, - мбзэрабзэ бажэр.

Кьрур пэкIэ хэуэурэ, шыпсыр бажэм кьиибзеижащ.

- НэгъуэщI силаме, себлэнутэкъым, - жиIащ бажэм, и Iупэр ильэщIыжурэ.

- Тхъэрадзэ кьыпхухьу, уи ерыскъыр убагъэр, - жиIащ кьрум. - Уэри си деж умеблагъэмэ, узгъэтхъэнщ.

- Дапщэщ сынеблэгъэн? - гуфIащ бажэр.

- Пщэдей щэджагъуэм зынрегъэхьэлIэ.

Бажэр кьрум деж хьэщIапщIэ кIуащ. Iэнэм кхъуэщIин пщэ кIыхь кьытригъэуващ кьрум:

- Мыр бэджьынэщ, зумыгъэхьэщIэ, хэф.

Бажэм и щхьэр кхъуэщIным ихуэрэкъыми, мэпIэцIеиж:

- IэфI уи бэджьынэр хьэм фIэу, кьру щыкIу?

- Iэфи фIэIуи щIэтащ.

- НэгъуэщI гуэр умыпщIфIауэ пIэрэ: джэд лыбжьэ сыт хуэдэ?

- Нобэкlэ мыращ си хьэзырыр...

Бажэр пIэщеижурэ, бэджьынэр ирифри, кьрум и пэр ильэщIыжащ.

Кьрумрэ бажэмрэ хьэщIагъэкIэ зэтыихьэжакъым абы и ужькIэ.

Сосрыкъуэрэ Шужьейрэ

ШУЖЬЕЙ пхъу дахэ иIэт. Шужьей и пхъум и хъыбар Iури, цIэрыIуэ хъуащ, псэлъыхьуэхар кьыхуопсых, арщхьэкIэ даиз яфIищуурэ, ными яхудажьуэркъым.

- Шужьей и пхъум сылтыхъунщ, - жери зы щауэ къэшэсащ. КъызэкIуэм, нарт-хэ я Iэхъуэм ирихьалIэри, еупщIащ:

- Шужьей и унэм сыщыбгъэгъуэзэн? - жери.

- Ярlэхъуахъ уэуэрэ, Шужьей и унэм ирихьалIэри, щыгъ ящIащ. Я пщIантIэр псэлъыхьуэм яутауэрэ, бдзантхъэ ятIэ хъуащи, ухэнэмэ, уукIытэкъынщ.

- Банэ пIуралъэф, - жери щауэр Iэхъуэм блэкIащ, Шужьей и унэм ирихулIэри, шыр фIидзащ, езыр Шужьей и пхъум деж ихьащ. Щауэр Шужьей и пхъум дауэршорыхуу, куэбжэр ирагъэжаклIэри, пхъэрыгъажэ ирагъэлъэджащ:

- ПIыгъэ пIэмэ, дэкIыжынщ, - жаIи.

Ар щхьэкIуэ щыхъури, щауэр унэм икIыжащ, и ыш шабзэшэ бжэIупэм щыхисэри, банапцIэ сэрейр шыбгъэкIэ ирищIыкIащ.

Шур дэкIыжа нэужь, шабзэшэм и гугъу хуащIащ Шужьей.

- Шабзэшэр кьыхэзычыжьфым си пхъур естынщ, - жери хъыбар игъэIуащ Шужьей.

- Хэт еIами, шабзэшэр кьыхэзычыжьфын къахэкIакъым.

Сосрыкъуэ деж нэсащ шабзэшэм и хъыбар. Шужьей деж къеблэгъащ Сосрыкъуэ.

- Шабзэшэр кьыхэзычыжьфым уи пхъур ептр? - еупщIащ Сосрыкъуэ Шужьей.

- Естынущ, - жиIащ Шужьей.

Махуэр ятIанкIуэри, псэ щIикIэуэрэ игъэтIасхъэри, шабзэшэр ятIэ бдзантхъэм кьыхэчыжащ Сосрыкъуэ.

- Шабзэшэр кьыхэсчыжащ, уи пхъур кьызэт, - жери Сосрыкъуэ Шужьей щыхьащ.

- Тхьэгъэпцl цIыкIу, - кьыхуилъащ Шужьей, - псы щIэпкIэуэрэ кхъбгъэтIасхъэри кьыхэапчащ. Си пхъур щIостын лIыгъэ бдзсдлъэтъуакъым.

- ПфIэсхьынщ, - жери Сосрыкъуэ Шужьей и унэм икIыжащ.

Шабзэшэр хэзыса щауэм щIыхьэри елъэдащ:

- Уэри щхьэкIуэ уиIэщ, сэри щхьэкIуэ сиIэщ. Шужьей бий сщIынущи, гъуэз кьыхсхуэхъу.

- Хъунщ, - жиIащ щауэм. - ЩхьэкIуэ сыкIуэжьынкъым. Шужьей бий пщIынумэ, сэри си бийщ.

ЗэгурыIуэри, Сосрыкъуэ Iуащхьэм теуващ, щауэм Iуащхьэ лъапэр увыпIэ ищIащ: Шужьей и чом цIыхуи кьыдагъэкIыркъым, цIыхуи дагъэхьэркъым.

Лъэпщ деж кIуэри, шабзэшэтI иригъэщIащ Шужьей.

КIыщым къыздикIыжьым, шыр щтэри, Шужьей зы шабзэшэр Iэпыхури, зэпыщIыкIащ. Кьэнар ихьри, Шужьей чом дыхьжащ. Зы шабзэшэт кьыхуэнари, и пхъум жриIащ:

- Iуащхьэм тетыр хэзгъащIэн, хьэмэ Iуащхьэ лъапэм тетыр сукIын?

- Iуащхьэм тетыр хэгъащIэ, - кьыжриIащ и пхъум.

И пхъум хуэзгъэпауэ, Шужьей шэсащ, Iуащхьэм нэсри, Iуащхьэ лъапэм тетыр иукIащ.

- Зыр сукIамэ, адрейм сыт кьызиущIэжьыфын? - жери Шужьей игу зэгъауэ чом дыхьэжащ.

Сосрыкъуэ лIа нэпцI зищIри, Iуащхьэм тетыуэлъхъащ. Нартхэ я Iэхъуэр кьрихьэлIащи, ёопIлри, псэ хэтыж хуэдэкъым: ахъи-быхъи жиIэркъым. Шужьей деж жащ Iэхъуэр:

- Iуащхьэм тетари букIа? - жери.

- СукIакъым, - жиIащ Шужьей. - Зы шабзэшэщ сиIар.

- БукIа хъунщ: лIауэ Iуащхьэм телъщ, - жиIащ Iэхъуэм.

- ЛIа нэпцI зищIагъэнщ, - жиIащ Шужьей. - ЛIарэ мылIаро къэсщIэнщ, и лъэдакъэр фуГуэнрэ и лъэдий куцIыр кьыскъуэфхьмэ.

Шужьей и пхъащIэр Iуащхьэм игъэкIуащ. ПхъащIэм Сосрыкъуэ и лъэдакъэр иугъуэнащ, и лъэдий куцIыр кьурихри Шужьей кьыхуихьащ.

И лъэдакъэр пхъащIэм щиугъуэнри и лъэдий куцIыр кьыщIрихми зигъэхъеякъым Сосрыкъуэ.

Шужьей Сосрыкъуэ и лъэдий куцIым епэмащ.

- ЛIакъым, псэущ, лIа нэпцI зищIауэ аращ, - жиIащ Шужьей. - И лIыхъужьгур мэжьэражьэри Iуащхьэм телъщ.

- И лIыхъужьгуэ ирагъэжьэжьащ, и хьэдэжьыгущ, - кьыжриIащ Шужьей и пхъум.

Шужьей щэсри, чом дэкIащ. Iуащхьэм нэсри, Сосрыкъуэ щхьэщIыхьащ.

- Ущылъ зэпыти! - жиIащ Шужьей. - ЛIа нэпцI зыпщIкIэ усIэщIэкIын: уи щхьэр фэсхьынкъ!

- ФIэпхынкъым! - жери Сосрыкъуэ кьызэфIэщащ, Шужьей джата Iэтыгъуэ ирихьэхъуакъым: кьеуэри, и щхьэр тIууэ кьызэгуихуащ.

Шужьей иукIащ, ипхъу цIэрыIуэр ихьри, Сосрыкъуэ ежьэжащ.

Ежьи и пIалъэр ущрихьэлIэш

НАРТХЭР зекIуэ ще жьэм, Сосрыкъуэ гъусэ ящIакьым. Гъусэ ямыщIами, якIэ лъежьащ.

- Фи лIыгъэм сеплъынщ, - жери.

Гъуэгу тетурэ, дзитI зэпэгъуэльауэ ирихьэлIащ Сосрыкъуэ. Зэпэгъуэльа щхьэкIэ, зауэр зыубгъи кьахэкIыркъым - зыр адрейм поплъэри зэпэщысщ, зэрыгъэшынэжащи.

- Дэнэ кьикIа бий? - щIэупщIащ Сосрыкъуэ нартхэ яхьыхьэри.

- Чынтым кьикIащ, - кьяжьрагIащ. - Нартхэ дахьунщIэм мурад яIэщ.

- Дэ тхъунщIэ кьурхъэ! - жери Сосрыкъуэ чынтыдэзэм хьыхащ, и бжьыщхэ дыкьуакъуэр ятрикьутэри зэбгрихуащ.

Чынтыдзэр зэбгрихуэ нэужь, Сосрыкъуэ гуэрэныгум ихьащ, «сыщжкIуэнщ» жери. Гъуэрэныгум ихьауэ, зы фIы-щIагъэ кьыIэщIэлъэгъуащ Сосрыкъуэ. ФыщIагъэм бгъэдэкIуэатэри, шууэ кьыщIэкIащ. Щум щIэгъауэри, зыхищIакъым. Лъэжьэри, щIыхьакъым. ЩыщIэмыхьэм, кьыгъэкIэрэхъуэжри, зы теуэгъуэ кьикIуауэ, щум гу кьыльитащ Сосрыкъуэ. Щум кьыщIэгъауэри, зыхищIащ. Кьыльежьэри, напIэзыпIэм кьыщIыхьащ, кьеIэдэкъьауэри, Сосрыкъуэ уанэгум кьридзащ, кьыхьфIихуэри, вагъэбдзумиблыр блыпIкьIэ иригъэващ, вэрэвийм я пщIэнтIэпсыр кьыпхихуащ.

И джатэр кьрихри, шу мэхьаджэр Сосрыкъуэ кьыщхьэщыхьащ:

- Зы хьэ сукIа хуэдэ, уэуклынкъэ нобэ? - жери.

- ЖьыззэмпIэщIэкI, - жиIащ Сосрыкъуэ, зиутхыпщIыжри.- Сэ сыхьэкъым, нартхэ сащыщ, нобэ ди льэпкъ яукIыркъым, зыукIаи кьыщIэкIуэркъым, махуищ пIалъэ кьыIэт.

- ХьэрэмэIуащхьэ зэхудипIалъэщ. ПIалъэм епцIыжьи лIыкъым, - жери шум Сосрыкъуэ кьиутIыпщыжащ.

И цIыр уауэ, и фэр пыкIаеуэ, Сосрыкъуэ и анэм деж ихьэжащ.

- Уи фэр пыхьэ-пыкIщ, - жиIащ Сэтэней гуащэ. - Уи пэр иклагъэхэсщ. Сыт кьэхъуар, уи лажьэр сыт?

- Кьэхъуам ущIэмыупщIэ, - жиIащ Сосрыкъуэ. - Лажьэщхуэ сиIэщ.

- Уи лажьэр кьыжьмыIэмэ, зыслIэжьынщ, - жери Сэтэней гуащэ жыр лэныстэр кьищIащ.

КьыщыщIар и анэм жриIащ Сосрыкъуэ - шу мэхьаджэм и гугъу хуищIащ.

- Сыт и щыфэIыфэ шум? - кьеупщIащ Сэтэней гуащэ.

- Щауэ хужь Iэпщабгъуэщ, - жиIащ Сосрыкъуэ. - Бэлэ-рыгъ зекIуэкIэщ, и щхьэр уэгум етащ, и шыр лъэдакъэ цыджэщ, щхьэщIыдзэ кIыхьщ, шыгъуэ бланащхьэщ.

- Сыгуащэ мыгъуэт, - къэгуэзсащ Сэтэней. - ЪэрихьэлIар Албэч и кьуэ Iотрэщ абгъэщ, абы Iэрыхьэ Iэщ Iэкlыркъым - уIэщIэкIуэдэнущ.

Сэтэней гуащэ шэщым кIуащ.

- Хьэм яшхыжьын Тхъуэжьежьэ! Хьэзн кьебгъэхьри, си кьуэр кьыскуэпщэжащ. Мы лажьэр уэра зи лажьэр, хьэмэ тIуми фи лажьэ?

- КъалъгулкIэ сыгъашхэ, уэзджьинщэ кьыскхэщIэ: пIалъэр кьэсрэ бийм и щхьэр кьеэмыгъэхьмэ, хьэм сегъэшхьж, - кьыжриIащ Тхъуэ-жьейм.

Шым Iус иритщ, шхалъэм кьалъгулыр дэз ищIри, Сэтэней гуащэ Лъэпщ деж кIуащ, уэзджьинщэ иригъэщIри, махуищ пIалъэр кьыщыхьэм, уэзджьинщэр Тхъуэжьейм и сокум хищIащ.

Уэзджьинщэр зэщIэжьыуэу, Сосрыкъуэ Хьэрэмэ Iуащхьэ нэсащ. Албэч и кьуэ Тотрэш кьэсаув Iу ащхьэм тетI:

- Уэзджьинщэм ягъащтэри, Тотрэш и шыгъу з ёолащхьэм щIитхъуащ.

- Хьэм яшхыжьи, пIалъэ зэста шу цIыкIура узыгъэщтар? - жери Албэч и кьуэ Тотрэш кьыжьэдкIыуэм, шым и жьэпкъыр щIэтхъэри, езыр шыпхэмкIэ кьыпыхуащ.

Албэч и кьуэ Тотрэш щхьэщыхьащ Сосрыкъуэ, и джатэ кIэщIыр кьрихри. Щхьэ фIэхьыным щыIэсым:

- ПIалъэ кьыIэт, - жиIащ Албэч и кьуэ Тотрэш.

- Бийм пIалъэ естыркъым, сыщрихьэлIэ си пIалъэщ, - жери Тотрэш и щхьэр фIихащ.

Хьэрэмэlуащхьэ

Хьэрэмэlуащхьэ и щlэр кхуэдз кьыхохуэ нарт хьыбархэмрэ пщынальэхэмрэ. Сосрыкъу э Албэч и кьу э Iотрэш щиуклIари езыр щаукIыжари Хьэрэмэlуащхьэ деж; Хьэрэмэlуащхьэ дежщ Хьымыщ и кьуэ Батрэзи и адэм и лы уасэр нартхэ щапIиубыдар. Эрэнэрэрылъагъэущи, Хьэрэмэlуащхьэ нартхэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ иIэщ. «Хьэрэмэlуащхьэ зэхуединпIалъэщI!» - зэраухьлIэ нартхэм, лIыгъэ-щIыгъэкIэ зэпеуэн хьумэ, абдежщ я джэгуплэр, жанщэрхэри кьызрагъэжьэжьи араш. Хьэрэмэlуащхьэ зэпхуэдэ пщIэ щIилэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу. Iуащхьэ хьэм, льагапIэхэм Iу эрыIуатэм щагъэзащIэ кьалэныр упгу кьэбгъэкIыжкъэ: пасэрейхэм зэрапльитэмкIэ, ахэр тхьэхъэм я хэщапIэт, я хасапIэ т, Пасэрей алыдж (грек) Iуэрыlуатэм апхуэдэ кьалэн щегьэзащIэ Олимп бгым: араш и хэщапIэр пасэрей алыджхэм я тхьэхэм я тхьэмадэ Зевс; абы и льапэращ Олимп Джэгуэр щIыззэхаублар. Нартхэм дежкIэ Олимп пэльытащ Хьэрэмэlуащхьэ: щохасэ, щурыльэс щоджэгу, санэху афэ щащI, псалъэ щызэраухылIэ, пIалъэ щызэрадж.

Хьэрэмэlуащхьэ и цlэребгъапщэ мэхъу пасэрей египтянхэм кьызэранэкIа пирамидэ иIэрыIуэхэм зэредж псалъэм: Сурэтыр - араш а пирамидэ (Iуащхьэ) IэрыщIкIэм ноби зэредджэр.

Къэбэрдей нартыжь щыналъэ.
Сурэтыр **ЗЭХЪУЭХЪУ Валерэ** *ищIащ.*

Щэнэ

ЗЭШИЩ екIуауэ, гъуэгум здытетым, шы лъэужь кьаIэщIэлъэгъуащ.

- Мы шыр хэт ишми, и нэ сэмэгур исыжкъым, - жиIащ зэшищым я нэхъыжьым.

- Шым щэтхъэхъи ильщ, - жиIащ зэшищым я курытым.

- ЩIкIуи теубгъуащ шым, - жиIащ я щынэхъыщIэм.

Гъуэгум зыIэ! кьащIрихьэлIащ зэшищым.

- Шы кьыфIэщIэмыльэгъуауэ пIэрэ? - кьеупщIащ лIыр.- Гъуэгум сыщепсыхри, сыщхьэкъуэху, шыр кьэкIуэсащ.

- Уи шым и нэ сэмэгур исыжкъэ? - еупщIащ зэшищым я нэхъыжьыр лIым.

- Исыжкъым, - жиIащ лIым.

- Щэтхъэхъэ ильэ? - щIэупщIащ курытыр.

- ИльщI.

- ЩIкIуи теубгъуащ? - щIэупщIащ нэхъыщIэр.

- Теубгъуащ щIакIуи, - жиIащ лIым. - Си шыр фIъэгъуауэ кьыщIокI!

- ТIъэгъуакъым, - жаIащ зэшищым.

- ФIъэгъуащ. Фымыльэгъуамэ, си шым и нэ сэмэгур зэримысыжри, щэтхъэхъэ зэрилъри, щIакIуэ зэрытеубгъуари дэнэ щыфщIэрэ? Шыр фIэщIэкIакъым, къыззфтыж. Дэнэ щыбгъэпщкIуар? - жери лIым зэшищыр кьыхигъэзыхьащ.

- ТIъэгъуакъым, дгъэпщкIуакъым, - щыжаIэм, зэшищыр хеящIэм деж ишащ лIым.

- Си шыр мы зэшищым яфIэкIакъым. Шыр гъуэгум щысфIэкIуздащ. Си шым и нэ сэмэгур зэримысыжри, щэтхъэхъэ зэрилъри, щIакIуэ зэрытеубгъуари ильэгъуащ, - жриIащ хеящIэм.

- ФIъэгъуащ? - кьеупщIащ хеящIэр зэшищым.

- ТIъэгъуакъым, - жаIащ зэшищым.

- Шым и нэ сэмэгур зэримысыжыр дэнэ щыфщIэрэ-тIэ? - кьыхигъэзыхьащ хеящIэм.

- ИжьырабгъумкIэ зэпхъуэкIыуэрэ гъуэгунапщIэ удзыр ихъуати, шым и нэ сэмэгур зэримысыжьыр кьэсащIащ, - жиIащ я нэхъыжьым.

- Щэтхъэхъэзэрилъагъ дауэ кьэфщIа?

- Щэтхъэхъэзэрилъагъ, шым и фIалъэ лъакъуэмрэ я льэужьыр зэрыувэнутэкъым, - жиIащ курытым.

- ЩIакIуэ зэрытеубгъуар дэнэ щыфщIэрэ?

- ЩIакIуэр шым и пхэщым кьекIуэтэхри, гъуэгу сабэр ильэщIурэ здилъэфати, абыкIэ кьэсащIащ, - жиIащ нэхъыщIэм.

- Мы зэшищым лажьэ яIэкъым, - жиIащ хеящIэм. - Уи шыр яльэгъуакъым. Шым зыхьыумыгъэкIыжьынмэ, хьэм ямащIх щIыкIэ лъыгъуазэ, - жери хеящIэм лIыр кьнутIыщыжащ.

- Мы зэшищыр цIыху губзыгъэщ, ныжьбэ си унэ изгъэсынщ», - жери мурад ищIащ хеящIэм. Зэшищыр къэзыщIым иришэри, щынэ яхункIащ, хунгъэпщэфIащ, езыри ядэшэри, хьэшIэщым нкIыжащ, Лъэщыбг: игъэхъэри, бжэщхьэм кьыгъеващ хеящIэр: «Мыхэр Iуэрыlуэдзщ, Iущщ, сакIэщIэдэIухьынщ», - жери.

Гъуэтыжьауэ здыхьэлъым, зэшищым я нэхъыжьым жиIащ:

- Хеящ1эм дигъэтхъа и гугъэщ: ныщхьэбэ дигъэшха щынэлъым хьэбзымэ кьыIех.

- Я пластэмэ хьэдэмэ кьыIех, - жиIащ курытым.

- Езы хеящIэр тхъэкIуэ жьажьэщ, - жиIащ нэхъыщIэм.

Зэшищым якIэщIэдэIухьэри, зэхихащ гъэщIэгъуэн кьыщыхъуауэ, бжэщхьэIум кьытекIыжащ хеящIэр. Нэху игъэщIри, мэлъыхъуэр кьрижджащ.

- Дыгъэпшыхъ уэзгъэуKIа щынэм и лым хьэбзымэ кьыIех. Сыт щхьэкIэ? - еупщIащ хеящIэр мэлъыхъуэм.

- ПщыбзыщIащ, армыхъу щынэр кьэзыытъха мэлыр псэхэлIэ хьуати, хьэбзым щIэзгъэфурэ спIащ щынэр, - жиIащ мэлъыхъуэм.

ПщафIэрэ нриждащ хеящIэм:

- Дыгъуэпшыхьрей пластэм хьэдэмэ щхьэ кьыхихрэ?

- Хугр кьызэмэщIэкIати, кхъэм сыдыхьри, мэшыщхьэ кхъэсфыщIат, - зиумысжащ пщафIэм.

ХеящIэр зэшищым яIэхьащ.

- Шыгъэлым хьэбзымэ кьыззэрыхихри, пластэм хьэдэмэ кьыззэрыхихри кьэфщIащ, фызахуэщ, - жиIащ зэшищым. - Сызэрытхъэжьуэ жьажьэри дзэ кьыщифщIа?

- УмытхъэкIуэ жьажьэтэмэ, укъытIкIэщIэдэIухьынтэкъым, - жиIащ зэшищым я нэхъыщIэм.

- Ящэ соIуэ си пыIэр кьывиуда!Iэ - жиIащ хеящIэм. - Сэракъым, фэращ жылэм хеящIэ яхуэхъун хуейр.

Пасэрей жиIащ

Апэ джалэм ущIэмынакIэ

♦ЛыгъэщIэ лIы нкIуадэркъым.
♦ЛыгъэщIэщэр хуэжьIэщIэщ.
♦МыгъуэгъэщIэр кьэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ, кIуэжьыгъуафIэкъым.
♦Дунейр чэзущ.
♦Гур зэщIыпIымэ, нэр мэплъакъуэ.
♦ЗэуханIыкIа лIэщIыгъуэ и дамыгъэ кьыпт онэ.
♦Удэхуэха нэужь, бгъуэтыжьыр уи ныбжьэгъущ.
♦Уи жагъуэгъуэ уи псэр ептми, уи щэху нумыт.
♦Фыым уеджэмэ, фы кьоиуэ, мыгъуэм уеджэмэ, мыгъуэ уохъу.
♦Iэщэ зыгъэдалъэм ильэ апэ мажэ.
♦Хамэ хэку сыщытхъэ нэхьрэ, си хэжьжь сыщылIэ.
♦Iущыщ щэчынджащэ.
♦Апэ джалэм ущIэмынакIэ.
♦ЩытхъуакIейрэ убыкIейрэ зжуэдэщ.
♦ЩIакIуэ нэхьрэ уэщх нэхь благъэщ.
♦ЩхьэкIуэ зыщх ыхъэ щхыгъуэ йохуэ.
♦ЩхьэрэкъэхьэкIэ, пыIэр къахь.
♦Шы зиIэр кьанэрэн, уанэ зиIэр кIуащ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Бадзэмрэ Iыхьэ цIыкIуэхэм

КЪИЖЫХЬ-НИЖЫХЬУРЭ, бажэр кьапхэзыим дэхуащ. Кьапхэзыир зэгъэува лIыжь цIыкIур кьэсащ.

УкъыIэрыкъа, бажэжь цIыкIу! - гуфIащ лIыжь цIыкIур.

- Сыт кьызэпщIэнур, сыпIэрыхьамэ? - кьыдэплъеящ бажэр.

- Уи фэр тезудмэ, пыIапхэ схуэхъунущ.

- Си фэр тумыуд, сутIыпщыж. СибутIыпщыжмэ, джэдыгупхъэжэ сынотэнщ, - жиIащ бажэм.

- Дэнэ кьыздиплынур?

- Дыгъужьибгъу псафэ кьэкIуэнущ иджыпсту. Дыгъужьибгъум я фэр джэдыгу пхуэхъункъэ?

- Схуэхъунщ.

- ПхуэхъунумэI, кьапхэзыим сыщхьэзыр зэхъэжьи, жыг кьуагъым кьуэувэ. Дыгъужьибгъур кьэсмэ, уи нэкIэ плъагъуу, псым хэзгъэщтхъэнщ. Псым хэщтхъэмэ, бжэгъу цIынэкIэ зэтеукIи, я фэр тех.

ЛIыжь цIыкIум бажэр кьапхъэным кьыдихьжащ. Дыгъужьибгъу кьэсащ.

- Уа, шынэхъыжьхъэ! - еджащ бажэр дыгъужьхэм.

- Сыт ар? - я тхъэкIумэр ягъэкIащ дыгъужьхэм.

- Бдзэжьей фигу кьэкIа?

- Ауэ сытми! Дигу кьихьауэ ди гурыIупсыр къожэ, - жаIащ дыгъужьхэм.

- НтIэ, - жиIащ бажэм, - жылэ ящхьэм хуейщи, нижэбэ бдзэжьей хьэушэ кьыдзэкIуеинущ. Псым фыхъуэвэмэ, фи кIэм зыкьыкIэращIэнущ.

- ДыкъэбгъапцIэркъэ, бажэ цIыкIу? - шэч кьытрахьащ дыгъужьхэм.

- ФыкъэзгъапцIэркъым, - жиIащ бажэм. - Пшапэр зэхоуэ, бдзэжьейм я къыдэкIуеиригъэ пIалъэр кьэсащ.

Дыгъужьибгъур псым хэуващ. Хьэуазэ хикIутэурэ, щIыIэ зрищIэкIри, псыр игъэщтащ бажэм. Дыгъужьибгъур мыпым иубыдащ.

Жыг кьуагъым кьуэт лIыжь цIыкIум еджащ бажэр.

- ЛIыжь цIыкIу, бжэгъу пыупщIи, дыгъужьибгъур псым хэуканых, я фэр тепхмэ, джэдыгу пхуэхъунщ.

- Сыбгъэунащ, бажэ цIыкIу! - гуфIащ лIыжь цIыкIур, бжэгъу пиупщIри, мылым техащ.

НЭГЕЙ И КЪУЭ Лъэпщагъуэрэ адакъэ пъэджажэмрэ гъусэ зэхуэхъури губгъуэм ихащ, мэз лъапэм пщыIэ щыхасэри псэун щIадзащ. Нэгей и кьуэр губгъуэм йохьэри дзыгъуэ йощ, адакъэ пъэджажэ пщыIэхъумащи, бжэгъу щхьэкIэм фIотIысхьэри, махуэ псом Iуэуэ фIэсщ. Адакъэ лъэджажэм и Iуэ макъ зэхихри, бажэр кьещакIуэ хъуащ. Бажэр кьыззрещакIуэр щыкриIэм, Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ адакъэм и сыджьр хуикъуэзащ:

- Умыбгъэрыгъ, ар Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьращ, зыкьыумыгъэзапцIэ, сэ кьэзмыгъэзэжауэ бжэгъу щхьэкIэм укьыфIэмыкI, - жери.

Абыкlэ зэгурыIуэри, Нэгей и кьуэр дзыгъуащэ ежьащ. Нэгей и кьуэр ежьа кьудейуэ, Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьращ зыкьыумыгъэзапцIэ, сэ кьэзмыгъэзэжауэ бжэгъу щхьэкIэм укьыфIэмыкI, - жери.

Абыкlэ зэгурыIуэри, Нэгей и кьуэр дзыгъуащэ ежьащ. Нэгей и кьуэр ежьа къудейуэ, Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьращ, зыкьыумыгъэзапцIэ, зауэр зыубгъи кьахэкIыркъым зэпэщысщ, зэрыгъэшынэжащи.

- Дэнэ кьикIа бий? - щIэупщIащ Сосрыкъуэ нартхэ яхьыхьэри.

- Чынтым кьикIащ, - кьяжьрагIащ. - Нартхэ дахьунщIэм мурад яIэщ.

- Дэ тхъунщIэ кьурхъэ! - жери Сосрыкъуэ чынтыдзэм хьыхащ, и бжьыщхэ дыкьуакъуэр ятрикьутэри зэбгрихуащ.

Чынтыдзэр зэбгрихуэ нэужь, Сосрыкъуэ гуэрэныгум ихьащ, «сыщжкIуэнщ» жери. Гъуэрэныгум ихьауэ, зы фIы-щIагъэ кьыIэщIэлъэгъуащ Сосрыкъуэ. ФыщIагъэм бгъэдэкIуэатэри, шууэ кьыщIэкIащ. Щум щIэгъауэри, зыхищIакъым. Лъэжьэри, щIыхьакъым. ЩыщIэмыхьэм, кьыгъэкIэрэхъуэжри, зы теуэгъуэ кьикIуауэ, щум гу кьыльитащ Сосрыкъуэ. Щум кьыщIэгъауэри, зыхищIащ. Кьыльежьэри, напIэзыпIэм кьыщIыхьащ, кьеIэдэкъьауэри, Сосрыкъуэ уанэгум кьридзащ, кьыхьфIихуэри, вагъэбдзумиблыр блыпIкьIэ иригъэващ, вэрэвийм я пщIэнтIэпсыр кьыпхихуащ.

И джатэр кьрихри, шу мэхьаджэр Сосрыкъуэ кьыщхьэщыхьащ:

- Зы хьэ сукIа хуэдэ, уэуклынкъэ нобэ? - жери.

- ЖьыззэмпIэщIэкI, - жиIащ Сосрыкъуэ, зиутхыпщIыжри.- Сэ сыхьэкъым, нартхэ сащыщ, нобэ ди льэпкъ яукIыркъым, зыукIаи кьыщIэкIуэркъым, махуищ пIалъэ кьыIэт.

- ХьэрэмэIуащхьэ зэхуединпIалъэщ. ПIалъэм епцIыжьи лIыкъым, - жери шум Сосрыкъуэ кьиутIыпщыжащ.

И цIыр уауэ, и фэр пыкIаеуэ, Сосрыкъуэ и анэм деж ихьэжащ.

- Уи фэр пыхьэ-пыкIщ, - жиIащ Сэтэней гуащэ. - Уи пэр иклагъэхэсщ. Сыт кьэхъуар, уи лажьэр сыт?

- Кьэхъуам ущIэмыупщIэ, - жиIащ Сосрыкъуэ. - Лажьэщхуэ сиIэщ.

- Уи лажьэр кьыжьмыIэмэ, зыслIэжьынщ, - жери Сэтэней гуащэ жыр лэныстэр кьищIащ.

КьыщыщIар и анэм жриIащ Сосрыкъуэ - шу мэхьаджэм и гугъу хуищIащ.

- Сыт и щыфэIыфэ шум? - кьеупщIащ Сэтэней гуащэ.

- Щауэ хужь Iэпщабгъуэщ, - жиIащ Сосрыкъуэ. - Бэлэ-рыгъ зекIуэкIэщ, и щхьэр уэгум етащ, и шыр лъэдакъэ цыджэщ, щхьэщIыдзэ кIыхьщ, шыгъуэ бланащхьэщ.

- Сыгуащэ мыгъуэт, - къэгуэзсащ Сэтэней. - ЪэрихьэлIар Албэч и кьуэ Тотрэш абгъэщ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● ЩIэ

Дэтхэнэ напэкIуэцIри

«Iуащхьэмахуэ» журналым мы илъэсым и еплIанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ. Абы и дэтхэнэ напэкIуэцIри щIэщыгъуэщ, щIэджыкIакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнын куэд итщ.

«УРЫСЕЙМРЭ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 450-рэ ирокъу» псалъащхьэм къызэщIиубыдэ тхыгъэхэрщ журналым къызэрыщIидзэр. Ящ нэхъ IуэцIхэм укъыщоджэ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Дзэмыхь Кьасболэт «Ди тхыдэм и гъуэгу зэхэкIыпIэ» и тхыгъэм и кIэух Iыхьэм. Абы и пэщIэдзэр 3-нэ номерым къытехуащ.

Абы къыкIэлъокIуэ ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIар къыщыгъэльэгъуэжа тхыгъэхэр: Опрышко Олег и «Тхыдэ лъагъуэхэр» тхылъым щыщ пычыгъуэ «Иуан Мэхъаджэм и бжаблэм» зыфIищамрэ Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я щIыхубэ ткакIуэ Мэшбащ Iисхьакъ и «Пащтыхь гуащэ» тхыгъэмрэ («Адыгэхэр» романым щыщщ).

«Гуимыхужт а махуэхэр» - аращ зэреджэр УрысеймрэКъэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 400 зэрырикъум теухуауэ 1957 гъэм Москва щата концертыщхьэм хэта ГъукIэлI Исуф и гукъэкIыжхэм.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъакъуэ» повестым журналым и 3-нэ номерым щеджахэм, шэч хэмылъу, яфIэгъэщIэгъэнщ ар зэрыриухынур. Мы кьыдэкIыгъуэм щIэдзыкIакIуэхэм апхуэдэ Iэмал ярет. КьыдэкIыгъуэм итщ Бозий Людин и «Насып лъагъуэ» повестри.

«Уадыгэкъэ?!» - жаIамэ, адыгэхэм къраг ъэкIыр «уцIыхукъэ?!», «хабзэ пхэлъкъэ?!», «лIыгъэ уиIэкъэ?!» - жаIэу аращ». Зэ еплъыгъуэкIэ кьыдэрыгуэкIыу къыщщыхьу апхуэдэ псалъэхэмкIэ кьыщIедзэ Къаг ъырмэс Борис и «Си блокнотхэм кьисхыжахэр» тхыгъэм. Абы къыщцыхьа дэтхэнэ зы жыIэгъуэри гъащIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ тхакIуэм и гукъэкIхэрщ.

Айтэч и «Уэ унащхьуэт, уэ усырыхут!..», «Саусэ», Iэщцыж Борис и «Лъагъуныгъэр къару инщ», «Зи Iэгухэр уэшхым игъэкIыл хъыджэбз цIыкIу», Уэрэзей Рашид и «Зэмыщхьищ» рассказхэмри хухахащ («Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэм щыщ.

«Гуимыхужт а махуэхэр» - аращ зэреджэр УрысеймрэКъэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 400 зэрырикъум теухуауэ 1957 гъэм Москва щата концертыщхьэм хэта ГъукIэлI Исуф и гукъэкIыжхэм.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъакъуэ» повестым журналым и 3-нэ номерым щеджахэм, шэч хэмылъу, яфIэгъэщIэгъэнщ ар зэрыриухынур. Мы кьыдэкIыгъуэм щIэдзыкIакIуэхэм апхуэдэ Iэмал ярет. КьыдэкIыгъуэм итщ Бозий Людин и «Насып лъагъуэ» повестри.

«Уадыгэкъэ?!» - жаIамэ, адыгэхэм къраг ъэкIыр «уцIыхукъэ?!», «хабзэ пхэлъкъэ?!», «лIыгъэ уиIэкъэ?!» - жаIэу аращ». Зэ еплъыгъуэкIэ кьыдэрыгуэкIыу къыщщыхьу апхуэдэ псалъэхэмкIэ кьыщIедзэ Къаг ъырмэс Борис и «Си блокнотхэм кьисхыжахэр» тхыгъэм. Абы къыщцыхьа дэтхэнэ зы жыIэгъуэри гъащIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ тхакIуэм и гукъэкIхэрщ.

Айтэч и «Уэ унащхьуэт, уэ усырыхут!..», «Саусэ», Iэщцыж Борис и «Лъагъуныгъэр къару инщ», «Зи Iэгухэр уэшхым игъэкIыл хъыджэбз цIыкIу», Уэрэзей Рашид и «Зэмыщхьищ» рассказхэмри хухахащ («Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэм щыщ.

«Iуащхьэмахуэм» и «ЖьантIэ» рубрикэр хухахащ къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирикъу тхакIуэ цIэрыIуэ КIэрэф Мухьэмэд. «ЛIы и лъэужь» зи фIэщыгъэцIэ гукъэкIыжыр зытхар Елгъэр Кашифщ.

«Культурэм и лъахэм» Iыхьэм хохьэ педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Чым Юрэ и «Лэжьакъ Iуэ Iэзэхэр щагъэхьэзыр икIи щапсыхь «кIыщ» тхыгъэр. КъыкIэлъыкIуэ «Iозатгъэм къигъэщIа усыгъэ» дзэжьыгъэр зи Iэдакъэщ Iэкъ Ержьыб Асльэн уб зыхуауэ и гугъу ещI Нало Заур и усэбзэр ди литературэм зэрифIыпIэм.

Ди республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI литературэ журналым и щIэджыкIакIуэхэм я гукъыдэжьр къэзыIэт тхыгъэщ Атъ Зэрагъыж «Си лъэхъуэщи-си лъэхъуэщ!» и гушыIэжьейр. Абы кIэлъокIуэ Къуэщысокъуэ Владимир и гушыIэ сурэтыр. Узыгъэгупсысэщ, уи эзш тезыгъэущ Мыз Ахьмэд и псалъэзэблэдзыр.

ИСТЕПАН Залинэ.

● Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ

Ахьмэд и къуэ Мухьэмэд

Илъэсым щIигъауэ УФ-м и МВД и Къэрал кIуэцIыдзэхэм къулыкъур щрехьэкI Бэлагъы Ахьмэд и къуэ Мухьэмэд. ЖыIэщIу, хабзэ, нэмыс хэпху зэрыщыгъым щхьэкIэ зыбжанэрэ унафэщIхэм я щытхъу кьыльысащ щIалэщIэм. Я къуэм къулыкъу щыщIэ ди унафэщIхэм къабгъэдэкIыу Ахьмэдрэ Зоерэ къаIэрыхьа тхыгъэхэм щIалэм фыкIэ и цIэр кьыщIауэ.

БЭЛАГЪЫХЭ я унагъуэр Къармэхьэблэ къуажэм щопсэу. Пенсэм кIуэху а жьлэм щылэжьащ Ахьмэд икIи хьэлэлу и лэжьыгъэм зэрыпэрытым папщIи зыбжанэрэ и унафэщIхэм фыщIэ кьыхуащIащ, къуажэдэхэм я дежи пщIэ кьыщIэлэжьащ. Адэр кьуэм и дежкIэ щапхъэфI хъуащ.

Мухьэмэд курыт еджапIэр екъуIэныгъэ иIэу кьиуащ. Школым щыщIэса зэманым щIалэ цIыкIур спортым хуабжьу дихьэхырт, кьуажэм, районым щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм зэфIэкI хъарзынэхэр кьыщигъэтагъуэрт. А псори сэбэп кьыхуэхьауащ сэлэтым, и дзэ кьулыкъум псынщIэу хэ ззгъэнэмкIэ.

Бэлагъым и кьулыкъур щрехьэкI Новочеркасск пэмыжыжьэу щыIэ дзэ частым. Армэр кьиухмэ, адэкIи и дзэ кьулыкъум контракткIэ пищэну и мурадщ Мухьэмэд.

МыдэкIэ унэм, адэ-анэм кьищынэмыщIа, я дэльху закьэщ. Ар кьыжьэкынымпольэ и шыпхьуэху Ритэ, Раметэ, Iэминат сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Тхьдэм и джэрпэджэж

"Уи къуршхэм сэ фяхьмэкIым"

И анэшхуэм, Арсеньевэ Елизаветэ, Лермонтовыр тIэунейрэ (1820, 1825 гъэхэм) кьиншащ Псыхуабэ, зи ухыщIарэр мыщIагъуэ щIадэ щыкIуэм исы хущхьуэкIэ ирищIэзэн щхьэкIэ. Сабий ныбжьым щитам (1820 гъэхэм) Лермонтовым, дауи, игу кьиузринэжьагъэщхуэ щыIэкъым Псыхуабэ щIидзэгъуамрэ щыгъэхихамрэ. Игу кьиншжар (сэIуф щыхьэт зэрыгъехьэмкIэ, 1832 гъэм и пкIэ) итха кавказ поэмэхэм лъабжьэ хуэхьуар) 1825 гъэм зэхиха хьыбархрыщ - ахэр иту щрифыдлфын ныбжьым псат Лермонтовыр абы щыгъуэ.

«ИЗМАИЛ-БЕЙ» поэмэм къызэрыхигъэщащи, а хьыбархэр абы щызэхихауэ щытащ бгырыс гуэрым дежь. Хэт хьуну а бгырысыр? Лермонтовым и кавказ поэмэхэм я купщIэмрэ я лъабжьэмрэ кууэу зыджа щIэныгъэлI цIэрыIуэ Андреев-Кривич С.А. щэч кьытрихьэркъым ар (Лермонтовым зи цIэр кьиримыIуэ бгырысыр) зэры-Нэгумэ Шорэм.

1825 гъэм Нэгумэр зыдэсар Мэшыкьуэ лъапэ (Псыхуабэ) теса адыгэ кьуажэрщ - КъармэхьэблэкIэ зэджэрщ. Къармэхьэблэ пэгъунэгъуэщ ХьэжьихьэблэкIэ зэджэ адыгэ кьуажэрщ. И анэшхуэмрэ и анэшхуэм и шыпхъу Хастатовэ Екатеринэрэ я гъуэгу, Лермонтовыр 1825 гъэм и гъэмахуэм ирихьэлIауэ щытащ Хьэжьихьэблэ (урыскэр Аджи-аулкIэ зэджэм) щекIуэкIа махуэ лъапIэм (хузбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ваКIуэихьэжьым).

Лермонтовыр нэхъ нужьыIуэкIэ иIуасэ зыхуэхъуауэ щыта урыс пщащэ ныбжьыщIэ гуэрэ хэтащ а махуэхуэм. Абы (Сушковэ Е.А.) зэритхьжамкIэ, а махуэм ар Хьэжьихьэблэ щыIущIауэ щытащ «Псыхуабэ дэс псоми я нэIуасэ» Нэгумэ Шорэ. Нэгумэр «Псыхуабэ дэс псоми я нэIуасэуэ» зэрыщытам щыхьэт тохьуэ нэгъуэщIхэри, псалъэм папщIэ, инджьыIэ миссионерхэр - ахэр зыдэса Каррас колониер Хьэжьихьэблэ зэрыпэжьжьар верститI хуэдизкIэщ. Гендеронии адрей миссионерхэми я хэгъэрейт Нэгумэ Шорэ, псэльэгъу куэдрэ зэхуэхьурт.

Лермонтовым кавказ хьыбархэр щыIэхихынкIэ хьуну щытащ и Iыхьлыхэм - Хастатовэ Е.А., Щан-Гирейхэ сымэ я дежи. Хастатовэ Е.А., усакIуэм и анэшхуэм и шыпхъу нэхьыщIэр, Псыхуабэ дэсащ, абы и щхьэгъусэм, генерал-майор Хастатов А.В., и хэгъэрейуэ щытащ ХьэтIохьэщокъуэ Исмел, тIури урыс-тырку зауэм (1787 - 1791 гъэхэм) хэтащ. ХьэтIохьэщокъуэ Исмел и хьыбар Лермонтовым кьыхуиIуэтэжащ. Ар Хьэбэрдейм щыхьыбарэхэм фIыуэ щыгъуэзэн хуейт, 1818 гъэм щыщIэдзауэ Ермоловым гъуэ хуэхъуауэ абы и «зекIуэжьэм» хэт зэпытрэ кьеIуэкIати.

Кавказ бгырысхэм, псалъэм папщIэ, адыгэхэм, я IуэрыIуатэм, я хабзэхэм ятхьэкIуауэ, абыхэм щIыхутIэ лъагэрэ щхьэм кьимытIасэ лIыгъэрэ ядэзыIыгъуэ усакIуэм хуэдэщ «Измаил-бей», «КIуэрыкIуэсэж», «Мцыри», «Бастунджы кьуажэ», «Шурджэсхэр», «Кавказым и гъэр», «Абрэдж Хьэжьы» поэмэхэр кьэзыIуэщIыфынкIэ хьуну щытар.

КЪАРТУЛ Хьисэ.

● Ди сурэт гъэ тIыпъыгъэхэр

ПасхъэщIэж.
Сурэтыр **ЗИЧЙ Михаил** *ящIащ. 1853 гъэ*

● Гъуэгу къежьапIэ

"Шыхулъэгъуэм ирикIуэхэр

«Шыхулъэгъуэ» щIалэгъуэлэ литературэ хасэм и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. ТхакIуэ ныбжьыщIэ хэр зэрагъэпыхуэн, я зэфIэкIэр ягъэунэхун мурадкIэ абы-кьэм къыкIэлъыдэкIыу Мозэ Владимиррэ Жырыкъ Заурэ.

«ШЫХУЛЪАГЪУЭ» литературэ хасэм къекIуэлапIэ ныбжьыщIэ хэр я Iэдакъэ кьыщцIэкIа уэсэхэм къеджа нэужь, ящIэхэм ахэр кьаззэрыщыхьуам, литературэм нобэ ди гъащIэм щыгубгъ увыпIэм, езыхэм щэнхабзэм щызыIэрагъахьа екъуIэнныгъэм, нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ.

- Къалэмыр къапщтэу тхыгъэ гуэрым зепщыкIыну и пэ, куэд уеджауэ, гащIэм и лъныкьуэ псоми фIыуэ хэпщыкIыу ущытын хуейщ, - жиIащ **Жырыкъ Заур.** - Зы усакIуэ, тхакIуэ гуэр кьыхэпхрэ, мы-бы хуэдэ сыгуфIыкынкIэ зи зэфIэкIым хэбгъэ хъуэнар фIы дыдэщ. Ауэ зэбгъэхъуIамкIэ арэзы уэыхуэхъужу укъуэвыIэм хьунукъым. Сытым щыгъуи ун кьэухьым зэрызебгъэзыужьыным, Iэзагъэм зэрыхэсбгъэхьэным ухущIэкIын хуейщ.

АдэкIэ Заур и гугъу ищIащ езым уэсэ тхын кьыщIэрыгъэжьауэ щытам, нужькIэ макьамэ гъэнымэ зэрыщихьэхьажьам. Апхуэдэуи адэ ныбжьыщIэ хэр кьыхуриджащ дэзыхьха Iуэхур IэщIыб ямыщIыжьыну.

- Сэ си адэ-анэри, си щыпхъуэхуэ, си къуэшхэри, псори пшынэ еуэу, уэрэд жаIэу щытащ, - кьыпищащ адэкIэ псалъэмакъым **Мозэ Владимир.** - Апхуэдэ унагъуэ сыкьыщалъхуауэ, нэгъуэщI гъуэгуэкIэ сыкIуэфынну кьыщIэкIынкъым. Кьыззэрезгъэжьар уэсэ, нужькIэ рассказхэри стхыуэ щытащ, суэрт т ехьынми сыдихьэхьырт. Си Iэдакъэщ Iэкъэр ятпэу зэзгъэльэгъуар КIуащ БетIалт. Ноби гуапIэу сигу кьокIыкъ ар кьыззэрыщыхъуар, абы и щхьэгъусэ Мариэтрэ Iэщыб ямыщIыжьыну.

- Сэ си адэ-анэри, си щыпхъуэхуэ, си къуэшхэри, псори пшынэ еуэу, уэрэд жаIэу щытам, кьыпищащ адэкIэ псалъэмакъым **Мозэ Владимир.** - Апхуэдэ унагъуэ сыкьыщалъхуауэ, нэгъуэщI гъуэгуэкIэ сыкIуэфынну кьыщIэкIынкъым. Кьыззэрезгъэжьар уэсэ, нужькIэ рассказхэри стхыуэ щытащ, суэрт т ехьынми сыдихьэхьырт. Си Iэдакъэщ Iэкъэр ятпэу зэзгъэльэгъуар КIуащ БетIалт. Ноби гуапIэу сигу кьокIыкъ ар кьыззэрыщыхъуар, абы и щхьэгъусэ Мариэтрэ Iэщыб ямыщIыжьыну.

- Сэ си адэ-анэри, си щыпхъуэхуэ, си къуэшхэри, псори пшынэ еуэу, уэрэд жаIэу щытам зэрыщихьэхьажьам. Апхуэдэуи адэ ныбжьыщIэ хэр кьыхуриджащ дэзыхьха Iуэхур IэщI